




RISALAH
RAPAT PARIPURNA
DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH
KABUPATEN CIANJUR
DALAM RANGKA

PERINGATAN HARI JADI CIANJUR KE-345 TAHUN 2022

SELASA, 12 JULI 2022

NOMOR : 172.2.1/10/DPRD/2022
SEKRETARIAT
DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH
KABUPATEN CIANJUR



RISALAH

RAPAT PARIPURNA

DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH

KABUPATEN CIANJUR


1. Sifat Rapat : Terbuka
2. Hari dan Tanggal Rapat : Selasa, 12 Juli 2022
3. Pembukaan Rapat : Pukul 09.00 WIB
4. Penutupan Rapat : Pukul 12.30 WIB
5. Tempat Rapat : Ruang Rapat Paripurna DPRD Kabupaten Cianjur
6. Acara Rapat : Peringatan Hari Jadi Cianjur Ke-345 Tahun 2022
7. Pimpinan Rapat : Ganjar Ramadhan, S.Pd
Ketua DPRD Kabupaten Cianjur
8. Sekretaris Rapat : Drs. H. Asep Ahmad Suhara, SH.
Plt. Sekretaris DPRD Kabupaten Cianjur
9. Anggota DPRD Kabupaten Cianjur
Hadir, sebanyak : 44 orang
Tidak Hadir, sebanyak : 06 orang
10. Turut hadir : Forum Koordinasi Pimpinan Daerah dan Pejabat Eksekutif Kabupaten Cianjur
11. Zoom Meeting : <https://us02web.zoom.us/j/85233411261?pwd=eU1US3dVSUFnVlo4aGIOMHVDeUk3UTO9>
Meeting ID : 852 3341 1261
Passcode : HJC345
Link Daftar Hadir : <https://forms.gle/RfBLNRTmR4bjU3sp7>

CIANJUR, 12 Juli 2022

DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH


KABUPATEN CIANJUR

Mengetahui,
KETUA DPRD
KABUPATEN CIANJUR



GANJAR RAMADHAN, S.Pd

PLT. SEKRETARIS
DPRD KABUPATEN CIANJUR



Drs. H. ASEP AHMAD SUHARA, SH.

NIP. 19630820 199202 1 001

DAFTAR ISI :

RISALAH RAPAT PARIPURNA DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH KABUPATEN CIANJUR DALAM RANGKA PERINGATAN HARI JADI CIANJUR KE-345 TAHUN 2022 , SELASA 12 JULI 2022.

1. KATA PEMBUKAAN DAN PENUTUP WAKIL KETUA DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH KABUPATEN CIANJUR PADA RAPAT PARIPURNA DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH KABUPATEN CIANJUR. SELASA 12 JULI 2022
2. BERITA ACARA RAPAT PARIPURNA DPRD KABUPATEN CIANJUR DALAM RANGKA PERINGATAN HARI JADI CIANJUR KE-345 TAHUN 2022 , SELASA 12 JULI 2022.
3. SALISILAH TITI MANGSA NGADEGNA CIANJUR
4. BIANTARA BOPATI CIANJUR
5. SURAT UNDANGAN RAPAT PARIPURNA DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH KABUPATEN CIANJUR DALAM RANGKA PERINGATAN HARI JADI CIANJUR KE-345 TAHUN 2022 , SELASA 12 JULI 2022.
6. DAFTAR HADIR ANGGOTA DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH KABUPATEN CIANJUR PADA RAPAT PARIPURNA DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH DALAM RANGKA PERINGATAN HARI JADI CIANJUR KE-345 TAHUN 2022 , SELASA 12 JULI 2022.
7. DAFTAR HADIR EKSEKUTIF DAN TAMU UNDANGAN PADA RAPAT PARIPURNA DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH KABUPATEN CIANJUR DALAM RANGKA PERINGATAN HARI JADI CIANJUR KE-345 TAHUN 2022 , SELASA 12 JULI 2022.



DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH KABUPATEN CIANJUR

Jalan K.H. Abdullah bin Nuh, Telepon (0263) 272165, faksimil (0263) 272159, Cianjur 43211

BERITA ACARA

NOMOR : 172.21/10/BA-RP/DPRD/2022

RAPAT PARIPURNA

DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH KABUPATEN CIANJUR

TENTANG

PERINGATAN HARI JADI CIANJUR KE-345 TAHUN 2022

Pada hari ini Selasa tanggal dua belas bulan juli tahun dua ribu dua puluh dua, telah dilaksanakan Rapat Paripurna Dewan Perwakilan Rakyat Daerah Kabupaten Cianjur dengan Agenda Peringatan Hari Jadi Cianjur Ke-345 Tahun 2022.

Rapat Paripurna Dewan Perwakilan Rakyat Daerah Kabupaten Cianjur, dipimpin oleh **GANJAR RAMADHAN, S.Pd** selaku Ketua Dewan Perwakilan Rakyat Daerah Kabupaten Cianjur, yang dihadiri oleh Gubernur Jawa Barat yang diwakili oleh Staf Ahli Bidang Pemerintahan Hukum dan Politik, Mantan Bupati Cianjur, Unsur Pimpinan dan Anggota Dewan Perwakilan Rakyat Daerah Kabupaten Cianjur, Bupati Cianjur, Wakil Bupati Cianjur, Anggota Forum Koordinasi Pimpinan Daerah, Ketua Pengadilan Negeri, Ketua Pengadilan Agama, Sekretaris Daerah beserta Kepala Perangkat Daerah di lingkungan Pemerintah Kabupaten Cianjur.

Dalam Rapat Paripurna Dewan Perwakilan Rakyat Daerah Kabupaten Cianjur ini, telah disampaikan Penyampaian Nota Pengantar Bupati Cianjur Mengenai pelaksanaan peringatan hari jadi Cianjur ke-345 tahun 2022.

Demikian berita acara ini dibuat dan ditandatangani untuk dipergunakan sebagaimana mestinya.

PIMPINAN RAPAT
KETUA DPRD
KABUPATEN CIANJUR

GANJAR RAMADHAN, S.Pd

Plt. SEKRETARIS DPRD
KABUPATEN CIANJUR,

Drs. H. ASEP AHMAD SUHARA, SH.
NIP. 19630820 199202 1 001

JALANNYA RAPAT :

**PANGANTEUR
AIS PANGAPING
RAPAT PARIPURNA DPRD
KABUPATEN CIANJUR
DINA RARAGA
MILANGKALA CIANJUR
NU KA : 345 TAUN 2022
SALASA, 12 JULI 2022**

Assalamu'alaikum Wr. Wb.,

Sampurasun nuun

Dikawitan kunyebatkeun kalamullah **bismillahirrohmanirrohim**, Rapat Paripurna DPRD dina raraga milangkala Cianjur nu ka-345 dina dinten ieu, salasa ping 12 juli 2022, ku sim kuring **dibuka** kalawan nembrak pikeun balarea.

(Ketok Palu Tilu Kali)

Nyukcruk Galur Ti Karuhun

Nutur Lacak Para Wali Kapungkur

Nu Nyambuang Ka Awun Awun

Kiware Cunduk Deui Kana Waktu

Cianjur Numbu Nyambung Umur

Anu Ka Tilu Ratus Opat Puluh Lima Taun

Para wargi nu nyakseni ngalangkungan media virtual sareng anu sami linggih di ieu rohangsan, utamina ka :

- ❖ Pangersa Bapa Gubernur Jawa Barat anu diwakilan ku Pangersa Bapa Kepala Biro Pemerintahan Dan Kerja Sama nu ku sim kuring dipihurmat ;
- ❖ Pangersa para mantan Bopati nu ku sim kuring dipihurmat ;

- ❖ Pangersa para mantan pupuh DPRD nu ku sim kuring dipihurmat ;
- ❖ Pangersa saderek ais pangaping miwah garwa nu ku sim kuring dipihurmat ;
- ❖ Pangersa sakumna anggota DPRD Kabupaten Cianjur nu ku sim kuring dipihurmat ;
- ❖ Pangersa Bopati Cianjur miwah garwa nu ku sim kuring dipihurmat ;
- ❖ Pangersa Wakil bopati Cianjur miwah garwa nu ku sim kuring dipihurmat ;
- ❖ Pangersa Pupuh Forkompimda, Pupuh Pangadilan Negeri Sinareng Pupuh Pangadilan Agama Miwah Garwa, nu ku sim kuring dipihurmat ;
- ❖ Pangersa Sekretaris Daerah katut para Assisten Bidang nu ku sim kuring dipihurmat ;
- ❖ Pangersa para Staf Ahli Bupati nu ku sim kuring dipihurmat ;
- ❖ Pangersa para Kepala Perangkat Daerah nu ku sim kuring dipihurmat ;
- ❖ Pangersa para Camat Katut Kepala Desa / Kelurahan nu ku sim kuring dipihurmat ;
- ❖ Pangersa Pupuh Mui Kabupaten Cianjur nu ku sim kuring dipihurmat ;
- ❖ Pangersa ais pangaping Partey Politik, Organisasi Propesi, Wanoja, Nonoman, sarta Organisasi Kamasrakatan lianna nu ku sim kuring dipihurmat ;
- ❖ Almukaromun para alim ulama, inohong masrakat kum salembur Cianjur, dulur-dulur pers, miwah hadirin hadirot hormateun sim kuring.

Timpah tipayun urang sami-sami seja nyungkemkeun puji sinareng sukur anging ka Alloh nu maha welas asih, nu gaduh kakawasaan sagala dzat di murbeng ieu alam. Kalawan mugia urang sadayana dipaparin barokah ku mantenna.

Sholawat sinareng salam mugia salawasna manteng ka jungjungan urang Rosul pamungkas jaman Nabi Muhammad SAW. Anu parantos ngalungsurkeun cahya kaimanan ka ummahna. Pamugi wae urang sadaya kalebet anu kenging syafaatna di yaumul ahir. Aamiin ya robbal alamin.

Rapat Paripurna DPRD miwah hadirin hadirot hormateun simkuring,

Sawadina, urang teu petot sumujud muji sukur ka mantenna Alloh nu maha kawasa, wireh dugika danget ieu masih keneh dipaparin kasehatan tur kabagjaan kalawan tiasa keneh sasareangan pikeun ngaluuhan pasamoan milangkala Cianjur. Waktos teu karaos, ditarung ku guluyurna jaman, kiwari Cianjur beuki sawawa tos dugi kana yuswana nu ka tilu ratus opat puluh lima taun.

Milangkala hiji wewengkon, sanes ngan saukur pikeun dipieling wungkul, tapi kedah dijantenkeun ngaji diri kalawan teleb, naon wae nu tos dipilampah . Naon wae nu perelu keneh dihanca, malar janten bekel dina nyarungsum pagawean kapayunna.

Mieling milangkala Cianjur oge kedah dijantenkeun angkeuhan kanggo langkung mageuhan beungkeutan tatali batin diantawis sakumna masarakat Cianjur. Naon wae kasang tukangna, sanajan beda suku, agama, sosial jeung sajabana, tong janten hahalang harungan.

Urang angger perelu ngahiji lir beungkeutan sapu nyere, dina raraga ngahontal katingtriman sareng karaharjaan sakumaha harepan balarea. Ngaraksa duduluran jeung hirup kumbuh babarengan, tos janten kakiatan pikeun pamarentah katut masarakat Kabupaten Cianjur dina ngahontal pangwangunan sagala widang.

Kaayaan ieu perelu dijaga bari digedurkeun sumangetna dina nuluykeun pance gawe kahareup, malar naon nu jadi udagan janten tinekanan.

Leres pisan kiwari, tos seueur udagan nu kahontal tina hasil pance gawe salami ieu. Kitu deui rupi rupi pangleler seueur tos katampi ku pamarentah Kabupaten Cianjur.

Ku hal sakitu, sim kuring atas nami rengrengan ais pangaping DPRD Cianjur. Seja maparin pangajen tina sadaya rengkak usaha pamarentah Kabupaten Cianjur nu tos nembongkeun rampak gawena bari hasil nu mucekil.

Namung tinangtos wae urang teu kenging teras ngaraos reueus, margi masih keneh seueur udagan nu tacan kahontal dina ngahucuhkeun pangwangunan, utamina pikeun ngudag karaharjaan masarakat Cianjur sageblengna. Masarakat Cianjur nu sugih mukti bari jembar pangartina.

Sala sawios hanca nu kedah langkung dileukeunan, nyaeta ngeunaan **indeks pembangunan manusia** atanapi nu disebat **IPM** tea, minangka ukuran kanggo kamajuan pangwangunan sareng karaharjan masarakatna. Numutkeun catetan ti Badan Pusat Statistik, Kabupaten Cianjur ti taun ka taun, angka IPM Cianjur teras naek. Tapi mung ukur sakedik. Taun 2020 angka IPM Cianjur ukur aya dina angka 65,36. Taun 2021 undak sakedik janten 65,56. Namung saparantos ninggal hasil IPM sa Jawa Barat, masih keneh kawon ku wewengkon sanes anu teras nerekel langkung onjoy.

Sakumaha nu kamafhum, aya tilu widang pangwangunan nu utami, sangkan angka IPM ngaronjat. Nyaeta widang ekonomi, pendidikan atanapi atikan sareng kasehatan. Ngahaja sim kuring nyimpen widang ekonomi pangluhurna, margi ngiring nangtoskeun kanggo ngaronjatkeun widang pendidikan sareng kasehatan.

Saupami widang ekonomi majeng, kacida ageung pangaruhna kana kamampuhan barang beuli atanapi **daya beli** masarakat. Saupami ieu kahontal atanapi pendapatan perkapita naek, tangtos wae bakal nuturkeun kana panghasilan **PAD** atanapi **Pendapatan Asli Daerah** pasti ngiring ngaronjat. Saupami pad teras nerekel sae, tangtos tiasa nambihan kanggo waragad pangwangunan sanesna.

Sala sawios kanggo ngaronjatkeun widang ekonomi, perelu diperhatoskeun yen tatar Cianjur mibanda pakaya dina widang agrobisnis, sawadina Pamarentah Kabupaten Cianjur salaku **Agen Development**, langkung utami perelu ngarojong rupaning kabutuhan usaha tatanen. Diantawisna, gampil milari pupuk sareng rupaning binih pepelakan tani nu kahontal. Oge ngabantos dina masarkeunana.

Lajeng aya nu tacan kapalire, di wewengkon Cianjur seueur pisan lahan nu teu kaurus, anu disebat **perkebunan terlantar** tea, nu teu kaolah sareng teu produktip. Sakumaha pameredih pamarentah puseur, utamina kawijakan Presiden Jokowi, dipiharep ka pamarentahan di daerah, supados enggal ngamangpaatkeun lahan nu teu kaurus kasebat, sala sawios tarekahna, nyaeta perelu ngaluuarkeun kawijakan **reforma agraria**, pikeun ngawujudkun **kadaulatan pangan** sangkan nambihan pakaya masarakat tani.

Salajengna dina widang atikan atanapi pendidikan, saupami kamampuhan barang beuli masarakatna onjoy, tangtos moal sesah mikiran waragad sakola. Lajeng nu langkung peryogi, perelu aya tarekah nu daria kumaha sangkan masarakat ngarasa penting pikeun nuluykeun sakola pala putrana. Angka nuluykeun sakola di Cianjur, kiwari masih keneh handap.

Dina widang kasehatan, pancen Puskesmas dipiharep teu saukur ngokolakeun kasehatan nu sipatna **represif**, namung perelu oge merhatoskeun anu sipatna **prepentif** dina tarekah nyehatkeun masarakat tina sagala panyakit. Tina sadaya udagan pikeun ngaronjatkeun IPM, nu langkung utami, kumaha ngalarapkeun kawijakan waragad APDB Cianjur nu keuna kana sasaranana. Ieu nu kedah janten perhatosan.

Ku hal sakitu, sim kuring saparakanca baris ngarojong kana sagala rupi kawijakan nu disodorceun ku eksekutif, asal pikeun tarekah ngaronjatkeun IPM di Cianjur, anu udaganna kanggo karaharjaan masarakat sa tatar Cianjur.

Hadirin nu sami linggih hormateun simkuring,

Tina sagala rupi hasil pangwangunan nu tos nyampak, sim kuring umajak, hayu urang raksa tur riksa sadaya hasilna, bari samiuk pikeun ngalajengkeunana kalawan daria. Peryogi dipelak sumanget sauyunan dina ngahangkeutkeun rupi-rupi pangwangunan sagala widang kalawan henteu ngaleungitkeun tittinggal budaya linuhung karuhun urang. Nyaeta nu mibanda palsapah **ngaos, mamaos, maenpo** tea.

Oge kedah angger janten sumanget nu ngagedur pikeun ngamajengkeun sareng ngarahrakeun masrakatna. Mugi wae dina milangkala ieu, tiasa ngudag kabarakahan pikeun urang balarea, dina ngudag karaharjaan lahir dumugi batin kalawan aya dina panangtayungan Alloh nu maha kawasa. Ilahar pisan upami urang gaduh kahoyong malar Cianjur poe ieu langkung sae batan sateuacana. Mugia Allah SWT ngabulkeun kahoyong urang balarea.

Salawasna, urang singkil tandang makalangan sing teuneung tur ludeung dina ngarajong ngaronjatkeun pangwangunan sagala widang. Urang tinggalkeun kalangkang balebat nu geus kaliwat. Urang papag medalna giwangkara karaharjaan.

Rapat paripurna DPRD miwah hadirin hadirot hormateun simkuring,

Sakumaha nu kamafhum, tatar Cianjur medal dina ping 12 juli 1677, dilumaku keun dumasar kana peraturan daerah Kabupaten Cianjur nomer 27 taun 1982. Salsilah sageblengna ngeunaan medalna tatar Cianjur baris didugikeun dina ieu pasamoan.

Salajengna dina Rapat Paripurna ieu, sim kuring tos nyusun rarancang acara nyaeta :

Nu kahiji : bubuka, sakumaha nu tos kapidangkeun ;

Kadua : ngaoskeun salsilah poe ngadegna Cianjur

Katilu : Biantara Bopati ;
Kaopat : Biantara Gubernur Jawa Barat ;
Kalima : ngadu'a ;
Ka genep : pamungkas.

Kusabab kitu sim kuring tumanya ka Rapat Paripurna DPRD,
Naha rarancang acara nu didugikeun nembe, saluyu pikeun dijadikeun
acara rapat dinten ieu ?

(Ketok Palu Sakali)

Salajengna, pikeun lancarna runtusan acara, sim kuring neda bantosan ka
panata catur, pikeun nungtun nuyunna, mangga nyanggakeun

**Acara
Ditungtun tuyun
Ku panata catur**

Didugikeun ku kersana, Ibu Leni Suryani, SE

Acara Ka Dua :

Ngaoskeun Salsilah Poe Ngadegna Cianjur

Didugikeun ku kersana Bapa Yunus Sadar

Acara Ka Tilu :

Biantara Bupati

Didugikeun ku kersana Bapa H. Herman Suherman, ST., MAP



BUPATI CIANJUR

BIANTARA
RAPAT PARIPURNA DPRD DINA ACARA
MILANGKALA CIANJUR KA 345 TAUN 2022
SALASA, 12 JULI 2022 TABUH 09.30 WIB
DI GEDUNG DPRD CIANJUR

ASSALAAMU'ALAIKUM WR. WB.

SAMPURASUN.....NUUN.....

DIKAWITAN KU HAYU URANG SAMI-SAMI SEJA
NYUNGKEMKEUN PUJI SUKUR ANGING KA ALLOH
NU MAHA WELAS ASIH TUR NU GADUH
KAKAWASAAN SAGALA DZAT DI MURBENG IEU
ALAM, TINA SAGALA ROHMAT SARENG
BAROKAHNA, DUGI DANGET IEU URANG SADAYA
MASIH KENEH DIPAPARIN KASEHATAN TUR TIASA
SASARENGAN NGALUUHAN PASAMOAN
MILANGKALA CIANJUR NU KA 345 TAUN 2022.
SHOLAWAT SINARENG SALAM OGE MUGIA
SALAWASNA DIPANTENGKEUN KA JUNGJUNAN
URANG ROSUL PAMUNGKAS JAMAN NABI
MUHAMMAD SAW. KITU DEUI KA SAKUMNA

KULAWARGANA, PARA SAHABATNA, MIWAH PARA
PANGIRING ANU SATIA TUR TOAT DUGIKA AKHIR
ZAMAN. AMIN YA ROBBAL ALAMIN

- NU DIPIHORMAT PANGERSA BAPA GUPERNUR
JAWA BARAT, ANU DIWAKILAN KU....
- PANGERSA PUPUHU KATUT AIS PANGAPING
SINARENG SAKUMNA ANGGOTA DPRD
KABUPATEN CIANJUR NU KU SIM KURING
DIPIHORMAT.
- SADEREK WAKIL BUPATI CIANJUR NU
DIPIHORMAT.
- RENGRENGAN FORKOMPIMDA ANU
DIPIHORMAT.
- RENGRENGAN APARATUR SIPIL NAGARA. TNI
SARENG TI KAPULISIAN ANU DIPIHORMAT
- ALMUKAROM PARA ALIM ULAMA, INOHONG
MASARAKAT, PINGPINAN PARTEY PULITIK,
PINGPINAN ORGANISASI PROPESI SARTA
ORGANISASI KAMASARAKATAN LIANNA

DULUR DULUR PERS OGE HADIRIN HADIROT
HORMATEUN SIM KURING.

TI WANCI KA WANCI TOS PILIGENTI, KAAYAAN
TOS SEUEUR ROBAHNA, KAMEKARAN JAMAN
SARENG RUPA-RUPA LALAKONNA TOS MAWA
URANG KANA ADAT SARENG ADAB ADABAN NU
ANYAR TUR LEUWIH NGAJANGJIKEUN. TEU
KARAOS, KIWARI CIANJUR BEUKI MANJING YUSWA
ANU 345 TAUN. MUGI WAE TATAR CIANJUR
LANGKUNG SUGIH MUKTI LOH JINAWI, KALAWAN
MASARAKATNA NU LUHUNG ELMUNA JEMBAR
BUDAYANA TUR PENGKUH AGAMANA.

KIWARI URANG NUJU ANCEG PANCEG
NGADEG BARI NEUTEUP SEUKEUT MIHAREP
PIKAHAREUPEUN NU LEUWIH HADE, SANAOS
MASIH KENEH AYA DINA HIJI LOLONGKRANG NU
AGEUNG TANGTANGAN JEUNG TUNGUTAN NU
LANGKUNG BEURAT BATAN WAKTU-WAKTU NU

KALANGKUNG, KUKITUNA, SANGKAN HIRUP-HURIP
TIASA LANGKUNG AJEG, PERELU KAKIATAN,
PATEKADAN SARENG KAPARIGELAN SARTA
KAMAMPUHAN, MALAR LANGKUNG PANCEG DINA
ADEG-ADEG HURIP-HIRUP PANCEN KAPAYUN
KEDAH LANGKUNG ONJOY, DINA PRAK-PRAKANANA
HENTEU GAMPIL, SEUEUR PISAN PEPENGKOLAN,
JUNGKRANG JEUNG GAWIR NU LUNGKAWING BARI
KEDAH ATI-ATI NGALAKONANANA.

✓ *Pala wargi Sabayana*

SALA SAWIOS KAREREPEL NU SAMI SAMI
KAALAMAN SALAMI DUA TAUN LANGKUNG
KAPENGKER, NYAETA KU MEUWEUHNA WABAH
PANYAKIT COVID 19 NU KEUNA KA SA ALAM DUNYA.
IEU PANYAKIT KIWARI LERES TOS NGIRANGAN. DI
NAGARA SANES OGE SAMI TOS NGIRANGAN. MALIH
MUJI SUKUR ALHAMDULILLAH, NGAWITAN TAUN IEU
UMAT MUSLIM TIASA DEUI NGALAKSANAKEUN SALA
SAWIOS RUKUN ISLAM MUNGGAH HAJI, KALEBET
URANG CIANJUR NU KABIRUYUNGAN MIANG KA
TANAH SUCI TAUN IEU, SEUEURNA 621 JALMI.

NAMUNG SIM KURING NGEMUTAN,
NGIRANGANANA ANGKA NU KEUNA KU COVID 19,

SANES HARTOSNA TOS ILANG SIRNA MALIH KIWARI SACARA NASIONAL UNDAK DEUI KU AYANA COVID VARIAN ANYAR. KUKITUNA KEDAH ANGGER WASPAOS BARI TETEP NGAJAGI PROTOKOL KASEHATAN NU SAMISTINA.

✓ **RAPAT PARIPURNA DEWAN MIWAH HADIRIN
HADIROT NU DIMULYAKEUN ALLAH**

DINA KASEMPETAN IEU PERYOGI KU SIM KURING DIDUGIKEUN, WIREH DINA NGAREUAH REUAH MIELING TATAR CIANJUR TAUN IEU, TOS SEUEUR KAGIATAN NU DIKAWITAN TI SASIH JUNI KENEH. PIHAK PANATA CALAGARA TOS NGANCOKEUN SADAYANA KAGIATAN KEDAH NGALIBETKEUN MASARAKAT. MAKSADNA SUPADOS MASARAKAT CIANJUR NGIRING REUEUS BARI GUMBIRA, OGE NGAGADUHAN RASA KAPIMILIK KA PAKU SARAKAN TATAR CIANJUR.

MALIH PUNCAK MILANGKALA CIANJUR TAUN IEU. NU MUNGGARAN BARIS LUMANGSUNG DI LUAR KOTA CIANJUR, NYAETA DI ALUN ALUN SINDANGBARANG PING 12 JULI 2022 KIN WENGI SALA SAWIOS ACARANA NYAETA TABLIGH AKBAR KAGIATAN SANESNA INSYA ALLOH DIPUNGKAS

SASIH AGUSTUS 2022 SAKANTENAN NGAREUAH REUAH MILANGKALA KAMERDIKAAN RI, NYAETA HELARAN BUDAYA TEMA KAGIATAN NYANDAK JUDUL "CIANJUR RAHAYU, RAHARJA, DIGJAYA.

HADIRIN HORMATEUN SIM KURING

SALAJENGNA, NYULURAN BIANTARA BUBUKA PANGERSA PUPUHU DPRD CIANJUR NU NEMBE KASAKSENI, NGAHATURKEUN SEWU NUHUN KU PANGROJONG SADAYANA RERENGRENGAN DPRD CIANJUR NU PARANTOS NEMBONGKEUN RAMPAK Gawe NU SAE, DINA NGALAKSANAKEUN PANCEN PIKEUN KAPENTINGAN PANGWANGUNAN DI TATAR CIANJUR.

NGEUNAAN ANGKA INDEKS PEMBANGUNAN MANUSIA ATANAPI IPM DI CIANJUR MASIH KENEH AYA DINA JAJARAN PANGHANDAPNA DI JAWA BARAT, LERES SAKITU AYANA NU TEU TIASA DIPUNG PANG. SANAOS NUMUTKEUN PANALUNGTIKAN TI BIRO PUSAT STATISTIK (BPS), IPM CIANJUR MASIH KALEBET KENEH KANA KATAGAORI SEDENG.

SAKUMAHA NU KAUNINGA, SADAYANA PERANGKAT DAERAH PARANTOS NGETRUKEUN SAGALA DAYA SARENG TANAGA MALAR IPM CIANJUR TIASA ONJOY. SALA SAWIOS NU KIWARI NUJU DIHANCA, NYAETA TOS NYUSUN KONSEP NU DISEBAT GERAKKAN AKSELERASI PENINGKATAN IPM, NU DIALPUKAHAN KU BAPELITBANGDA Gawe BARENG LPPM UNIVERSITAS SURYAKANCANA, ICMI ORDA CIANJUR, DEWAN PENDIDIKAN KATUT LEMBAGA SEJENNA.

LERES PISAN YEN NAEKNA ANGKA IPM, DITANGTOSKEUN KU TILU WIDANG PANGWANGUNAN. NYAETA PEREKONOMIAN, PENDIDIKAN SARENG KASEHATAN. NUMUTKEUN ETANGAN TIM AKSELERASI, TETELA PERELU NGALIBETKEUN TI SADAYA PIHAK. KUKITUNA HAYU URANG SAMIUK Gawe BARENG NGARONJATKEUN TILU WIDANG PANGWANGUNAN IEU, MALAR TUJUAN KANGGO NAEKKEUN ANGKA IPM TINEKANAN.

HAYU URANG HANGKEUTKEUN DEUI KUMAHA NAEKEUN HARKAT DARAJAT MASARAKAT CIANJUR. URANG ROJONG MALAR MASARAKAT CIANJUR LANGKUNG MAMPUH BARANG BEULI ATANAPI DAYA

BELINA, BEUKI LUHUR ATIKAN JEUNG PANGARTINA, OGE SEHAT WARUGANA. KU KITUNA, NAON NU DIPISANGGEM PANGERSA PUPUHU DPRD CIANJUR TADI, TANGTOS WAE JANTEN PAMECUT KANGGO URANG SADAYANA, UTAMINA PIKEUN RENGRENGAN PAMARENTAH DAERAH.

HADIRIN NU DIMULYAKEUN KU ALLOH

DINA WAKTOS NU KACIDA SAENA IEU, SIM KURING NEDA WIDI BARIS NGADUGIKEUN KABUNGAH. WIREH CIANJUR TOS NAMPI SABABARAH A PANGLELER TI PAMARENTAH PUSEUR SARENG PROVINSI JAWA BARAT. TI AWIT SASIH MEI 2001 DUGI KA MEI 2022, KACUTAT CIANJUR NAMPI 34 RUPI PANGLELER.

TINGKAT NASIONAL NU ONJOY DIANTAWISNA KENGING PINUNJUL KA HIJI LOMBA KALIGRAFI FESTIVAL ANAK SOLEH INDONESIA, SARENG PINUNJUL KA TILU FESTIVAL HELARAN TI MENTERI PAREKRAF.

PENGLERER TINGKAT PROVINSI, NYANGKING PINUNJUL I LOMBA DESA SARENG PINUNJUL I

KAWASAN DESA DIGITAL E GOVERNMENT AWARD
2021" HAPUNTEM TEU DIPEDAR SADAYANA NAON
WAE PANGLELER NU TOS KATAMPI KU CIANJUR.

PERYOGI OGE DIDUGIKEUN AYA
SABABARAH HASIL Gawe KAETANG MUCEKIL
DIANTAWISNA NGEUNAAN HASIL NU "PENDAPATAN
ASLI DAERAH" ATANAPI PAD TAUN 2021, TOS
TIASA NGALANGKUNGAN TARGET DUGI KA ANGKA
107,40 %. DITAMBIH REALISASI PAJAK DAERAH OGE
HASILNA LANGKUNG ONJOY DINA TAUN NU SAMI
DUGI KA ANGKA 106,38 %.

LAJENG DINA TAUN 2021, KABUPATEN
CIANJUR KENGING DEUI KASINUGRAHAN DINA
NGOKOLAKEUN APBD TAUN 2021, NYANGKING WTP
ATANAPI "**WAJAR TANPA PENGECUALIAN**" TI
BADAN PEMERIKSA KEUANGAN. WAE HASIL Gawe
NU SUHUD IEU PANGLELER, TANGTOS SADAYANA
APARATUR PAMARENTAH KABUPATEN CIANJUR
DINA NGOLAH WARAGAD DAERAH, SARENG
PENGKUH NYEPENG KAPERCANTENAN TI
MASARAKAT. KAPAYUNNA. MUGI WAE TERAS
LUMANGSUNG KANGGO KAPAYUNNA. KUKITUNA,
SIM KURING SEJA NGADUGIKEUN PANGAJEN KA
SADAYANA.

KATAMPINA SABABARAH PANGLELER
KASEBAT, MUGIA WAE JANTEN EUNTEUNG,
SUMANGET SARENG PAMECUT KA NU SANESNA,
DINA NGALAKSANAKEUN RUPANING PANCEN
GAWE.

*RAPAT PARIPURNA DEWAN MIWAH HADIRIN
HADIROT ANU AYA DINA KABAGJAAN.*

SALAJENGNA DIPIHAREP MUGIA DINA
MILANGKALA CIANJUR NU KA 345 IEU, TIASA
DIJANTENKEUN PANGROJONG PIKEUN
NGAWUJUDKAN HAREPAN MASARAKAT NU MADANI,
MA'MUR LAHIR BATIN. NGALANGKUNGAN FORUM
NU MULYA IEU, SIM KURING UMAJAK KA SAKUMNA
TAYA ANU DIIWALKEUN, HAYU URANG
NGALENGKAH SASARENGAN, PAHEUYEUK-
HEUYEUK LEUNGEUN, RAMBA TIRATA PIKEUN
NGAWUJUDKEUN CIANJUR NU SUGIH MUKTI
SUBUR MA'MUR LOH JINAWI TUR ISLAMI. URANG
TEU NGAHAREPKEUN UPAMA KAAYAAN POE IEU
LANGKUNG AWON BATAN NU TOS KALANGKUNG.

TANGTOSNA WAE, PANGELING ELING
MILANGKALA, SANES KANGGO MUPUSTI TITI

MANGSANA KANTENAN MIGUSTI MAH, NAMUNG KEDAH JANTEN PIEUNTEUNGEUN KUMAHA TAPAK LACAK KARUHUN SARENG PAMINGPIN CIANJUR KAPUNGKUR. HASIL KARYANA KAPUNGKUR, KEDAH LERES LERES DIMUMULE KU ANAK INCU. SOSON SOSON KUMAHA NERASKEUN HANCA SARENG HAREPAN DINA NGAJEUEUHKEUN CIANJUR MALAR RAYATNA ADIL TUR MAMUR, RAHARJA LOH JINAWI. BARI SALAWASNA AYA DINA PANGRIDO NU MAHA KAWASA.

SAKITU NU KAPIHATUR. KA AIS PANGAPING KATUT RENGRENGAN DPRD CIANJUR, SIM KURING NGAHATURKEUN SEWU NUHUN TINA SAGALA RUPI RAMPAK Gawe SALAMI IEU. OGE KA SADAYA APARATUR SIPIL NAGARA, TNI, POLRI SARENG SAKUMNA MASARAKAT CIANJUR NU TOS NEMBONGKEUN KASUHUDANANA DINA NGABANTOS PANGWANGUNAN DI TATAR CIANJUR

MUNGKAS IEU BIANTARA, HAYU URANG SAMI SASARENGAN NGEDALKEUN:

**WILUJENG MILANGKALA KABUPATEN CIANJUR
ANU KA 345 TAUN 2022..!!**

MUGI WAE ALLOH SWT MAPARIN ROHMAT
SARENG INAYYAH KA URANG BALAREA. MAPARIN
JALAN PIKEUN NGADONGKANG KABAGJAAN
SARENG KASALAMETAN DUNYA WAL AHERAT.

HAYU URANG WUJUDKEUN "CIANJUR
RAHAYU-RAHARJA DIGJAYA"

MUGIA ALLOH SWT MAPARIN PITUDUH
SARENG MAGHFIROH KA URANG SADAYANA.

AAMIIN YAA ROBBAL ALAMIIN

SATEUACAN AMIT MUNDUR, NEDA WIDI BARIS
NGADUGIKEUN HEULA PANTUN :

BOGA BATUR TI CIKARANG
BUAH RIKSA PARANTI JAMPARING
KOTA CIANJUR ANU URANG
KUDU DIRIKSA BARI DIJARING

MAWA BATUR KA SISI KULAH
DI CITAMBUR NEULEUMAN HURANG
TATAR CIANJUR LEMAH ENDAH
DI LEMBUR PANINEUNGAN URANG

**KA LEMBUR HAYU NGAJAK MANG JAYA
MURU MIRUN OPAK DINA TALUN
CIANJUR RAHAYU, RAHARJA, DIGJAYA
UMURNA TILU OPAT LIMA TAUN**

**WABILLAH! TAUFIK WAL HIDAYAH
WASSALAMU'ALAIKUM WR. WB.**

**CIANJUR, 12 JULI 2022
BUPATI CIANJUR**

H. HERMAN SUHERMAN

Acara Ka Opat :

Biantara Gubernur Jawa Barat

Didugikeun ku kersana Bapa Engkus Sutisna, ST., MT

Acara Ka Lima :

Ngadu'a

Didugikeun ku kersana, Bapa H. Deddy

Hatur nuhun ka nu nungtun ranggeuyan acara tina bantosanana.

Rapat Paripurna DPRD miwah hadirin hadirot anu dipihurmat,

Hasil-hasil nu tos karaos dugi ka danget ieu, sanes mangrupi lalampahan ahir bajoang urang, sawangsulna mangrupa pamecut pikeun gawe langkung sosen-sosen kapayunna ditarung ku rasa tanggel waler nu ageung.

Nembe kadangu tur kasaksi, naon wae biantara nu dipedar saderek bupati Cianjur. Tetela seueur pangleler nu tos katampi ti pamarentah puseur sareng propinsi. Oge tos ngahasilkeun sababaraha pacent gawe nu mucuk sapertos nerekelna PAD Cianjur sareng Pajak Daerah nu langkung ti 100 peren. Hal ieu, tangtos wae hasil tina kasagedan pacent gawe nu daria.

Kitu deui naon nu tos didugikeun biantara ti wawakil Gubernur Jawa Barat, seueur pulunganeun anu tangtos ageung mangpaatna pikeun ngahanceng pacent gawe kanggo urang sadayana.

Acara nu utami Rapat Paripurna DPRD dinten ieu tos lekasan, saluyu sareng wincikan acara sakumaha kasapukan. Kiwari dugi kana acara nu **pamungkas**.

Samemeh sim kuring mungkas ieu pasamoan, miharep ka sakumna ais pangaping, sakumna rengrengan anggota DPRD Kabupaten Cianjur, katut para wargi nu sami linggih, hayu urang sami-sami ngedalkeun :

Wilujeung milangkala Cianjur

Nu ka-345 taun 2022

Mugia dina milangkala Cianjur nu ka-345 taun ieu, tiasa dijantenkeun pangrojong pikeun ngawujudkeun harepan masarakat nu madani kalawan ma'mur lahir batin dina iuh-iuhna panyalindungan nagara kasatuan Republik Indonesia.

Sim kuring salaku ais pangaping DPRD Kabupaten Cianjur, seja ngahaturkeun sewu nuhun tina sagala rupi perhatosan ka sadayana nu tos ngaluuhan ieu pasamoan Rapat Paripurna DPRD kalawan daria.

Kalawan asmana sadaya anggota DPRD Kabupaten Cianjur, oge ngahaturkeun sewu nuhun ka sadayana nu teu tiasa diwincik diwiji-wiji. Tina sagala rupi gawe bareng katut sagala rupi bantosanana dina ngarajong pancen gawe simkuring saparakanca. Upami tea mah aya paketrok piring diantawis urang, sanes ngemu hartos ijid ngapilainkeun, namung mangrupi kembangna dina hirup kumbuhna demokrasi. Sadayana ngemu maksad baris ngudag kana tujuan nu sami, pikeun kamajengan tatar Cianjur nu ku urang di pikameumeut.

Hapunten nu kasuhun, hampura nu diseja, bisi aya tata titi, tindak tanduk, duduga peryoga nu teu luyu sakumaha mistina. Mugia Allah SWT maparin pituduh kalawan maghfiroh ka urang sadayana, aamiin ya robbal alamin.

Tugu Laku Gunung Nangtung

Titimbangan Taraju Laku

Gedig Lengkah Tapak Lampah

Sarigsig Lelemes Pare

Hampura Saampar Hate

Salajengna kalawan dibarengan ku ngucapkeun alhamdulillahirobbilalamin rapat paripurna DPRD dina raraga milangkala Cianjur nu ka-345 taun 2022, kalawan resmi **dipungkas.**

(ketok palu tilu kali)

Wallahul Muwaffiq

Illa Aqwamit-Thariq

Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

**DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH
KABUPATEN CIANJUR**

KETUA,

GANJAR RAMADHAN, S.Pd.



DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH KABUPATEN CIANJUR

Dewan Perwakilan Rakyat Daerah Kabupaten Cianjur mengundang Bapak/Ibu/Saudara/i untuk hadir dalam acara Rapat Paripurna Dewan Perwakilan Rakyat Daerah Kabupaten Cianjur melalui Video Conference, yang akan dilaksanakan pada

Hari : Selasa
Tanggal : 12 Juli 2022
Pukul : 09.00 WIB
Tempat : Gedung Paripurna DPRD Kabupaten Cianjur
 : Jl. KH. Abdullah Bin Nuh Cianjur
Acara : Memperingati Hari Jadi Cianjur Ke 345 Tahun 2022
Pakaian : Pakaian Adat Sunda
Metode : Zoom Meeting
 Meeting ID : 852 3341 1261
 Passcode : HJC345

Untuk bukti kehadirannya dimohon untuk mengisi daftar hadir pada link di bawah ini :
<https://forms.gle/RfBLNRTmR4bjU3SP7>

Atas perhatian dan kehadiran Bapak/Ibu/Saudara/i kami ucapkan terima kasih

Cianjur, 08 Juli 2022
DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH
KABUPATEN CIANJUR

KETUA,

Ttd,

GANJAR RAMADHAN, S.Pd